# infovihtal #91

## Epatit C

**Feebaru Epatit c, Ség bu doy war bu doomi jangooro di indi.
Day indi loorangee ci res bi, pacc bu am solo ci yaram wi.**

1. Juroom benn wer yi jeek ci ségu epatit C, ñu di ko woowe “**Diir wu taar bi**”. Li ëpp ci nit ni ko amee duñu wone benn mandaarga jangooro ji.

Yeen sa, yaram wi ci boppam mën mucc ci doomi jangooro bi ci ay pexeem doŋ ci diir bi. Bu booba, du ajoo benn facc.



2. So amee epatit C lu weesu juroom benni wer, bu booba day niiy jàpp ne dugg nga ci “**diir ség ba faw**”.

Mën nga tokk ay at baña wone mandaarga jangooro ji ci, ndax epatit C doxam dafa yéex.



3. Mën nga neewal loorangee yi ci res wi, so de mooytu nann sànŋara ba jël sineebar.



4. Bu ame lu mu yaax ci res, da koy dëggërel te day am ay lëggët. Lii taax ba ngay yëkk feebar bi.

Ñu xamee ko ci “fibrose” bu lëggët yi ñooro gul, bu ëppe daayo “cirhoses” laay tudd.



5. Ii nu seentu ci facc mi mooy wëral epatit c bi. Tax ba nga waara jël garab yi ci lu toolu 6,12,18 wer, wekku ci nit ku ne.

Waante nak, fàcc mi xeex doomi jangooro epatit C, du ci nit ñëpp lay dox.



6. Amal ñan ay gëstu ci garab yu bes te gën, ba sax tambali nan di leen jël.




7. Ame doomi jangooro ji di VIH day tax ba epatit C bi jeegi daju te naxare fàcc. Day bax doktoor yi dila fàcc màcc ci pàccum VIH ak epatit C.




**Rañee:**

- Epatit C ség bu doy war la te day loor res su nit.
- Amna ay nit nu baari yu amee epatit ay att te du tëdd feebar ba wone ko.
- Epatit bo ko fàcce mu werr, te day reey ség bi.

nam aidsmap Jumtukay bi nuy siiwal mu ngi sukkandiko ci bi mouy dippi te mbotaay NAM di gën, muddi mbotaay bu wuttul alaal ci VIH, te ubbi mankanam ca Reewmum Angalterr. Ndeeyi siiwal bac i Xéttum web www.aidsmap.com. Tekki nungi ko def ci ndigëlu NAM.

Grupo de Trabajo sobre Tratamientos del VIH
contact@gtt-vih.org
www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

**Subvencionado por:**

Gobierno de España · Ministerio de Sanidad y Política Social · Por solidaridad otros fines de interés social

Generalitat de Catalunya Departament de Salut · Programa de Prevenció i Assistència de la Sida

Ajuntament de Barcelona · Àrea de Qualitat de Vida, Igualtat i Esports

Diputació Barcelona · Àrea de Benestar Social

**Colaboran:**

ETIS · Tropical Drassanes